



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

*Jiska 11am jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 96%  
nan premye dòz yo te resevwa nan men Gouvènman Federal la*

**[Tablodò Vaksen an](#) pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram  
vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker)**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a. Jiska 11:00 AM jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te resevwa 1,304,050 premye dòz epi yo te bay 96 pousan oswa 1,246,946 premye dòz vaksinasyon ak 77 pousan premye ak dezyèm dòz yo. Alokasyon semèn 7 gouvènè federal la nan wout pou livre bay founisè yo pou administre.

"Mwen kontan ke Prezidan Biden te prezante yon plan pou repare dezòd administrasyon anvan an te kite, ki enkli ogmantasyon apwovizyonman vaksen nou a 16 pousan akoutèm epi ogmante pwodiksyon an nan fason konsiderab pou asire nou genyen apwovizyonman nou bezwen pou mwa k ap vini yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sonje, jiska prezan nou t ap fonksyone semèn apre semèn. Kounye a, nou konnen egzakteman konbyen apwovizyonman n ap resevwa pou omwen twa pwochen semèn yo. Founisè yo ka pran randevou pou pi lwen e yo ta dwe kontinye administre bay popilasyon priorite ki atribye yo pou asire egalite ak jistis. Sa ap toujou pran plizyè mwa pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a men ak nouvo lidèchip ki nan Washington nan, mwen konfyans n ap dirije nan bon direksyon an."

7 milyon Nouyòkè kalifye kounye a pou resevwa vaksen an. Gouvènman federal la te ogmante apwovizyonman pa semèn nan a 16 pousan men gran rezo distribisyon New York ak gwo popilasyon moun ki kalifye a toujou lajman depase apwovizyonman k ap soti nan gouvènman federal la. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Chif pwogram vaksinasyon yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, e yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11:00 AM jodi a:

**REPATISYON NAN TOUT ETA A**

- Premye Dòz yo Resevwa - 1,304,050
- Premye Dòz yo Bay - 1,246,946
- Dezyèm Dòz yo Resevwa - 564,600
- Dezyèm Dòz yo Bay - 186,283

Rejyon	Kantite Dòz yo Resevwa Ototal (Premye ak 2yèm)	Kantite Dòz yo Administre Ototal (Premye ak 2yèm)	% Dòz yo Administre/Resevwa Ototal (Premye ak 2yèm)
Capital Region	117,640	95,611	81%
Central New York	95,265	93,060	98%
Finger Lakes	118,250	96,437	82%
Long Island	229,520	179,303	78%
Mid-Hudson	179,475	126,191	70%
Mohawk Valley	53,070	31,835	60%
New York City	842,025	621,958	74%
North Country	50,945	36,269	71%
Southern Tier	52,300	40,129	77%
Western New York	130,160	112,436	86%
Nan tout Eta a	1,868,650	1,433,229	77%

	Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24
1ye dòz livrezon	90,675	392,025	201,500	160,050	209,400	250,400

<b>konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo</b>						
<b>2yèm dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo</b>	0	0	0	90,675	45,825	428,100
<b>TOTAL</b>	90,675	392,025	201,500	250,725	255,225	678,500
<b>KIMILATIF</b>		482,700	684,200	934,925	1,190,150	1,868,650

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 96 pousan premye dòz ke yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz repatisyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)